

Ikinyamakuru

UBUNTU

BURIHABWA


N°161

CENTRE UBUNTU
Laboratoire d'Analyse et d'Action



UBWENGE BURARAHURWA

INYIGISHO Z'IKIGO UBUNTU ZIHUMURIZA
IMITIMA YAHUNGABANYE MU GIHE CA
CORONA VIRISI



PROMOTION DE LA PAIX ET DE LA RECONCILIATION

En partenariat avec







IBIRIMWO

04 INTANGAMARARA

05 IBICE BIGIZE AKA GATABU

06 KOMEZA INYIGISHO ZIBAKABURIRA GUKORA!

27 INYIGISHO ZITANDUKANYE ZARAHAWE
ABAKOZWEKO N'ICO KIZA

32 UGUSOZERA

INTANGAMARARA

Mu ntumbero yo gushigikira abenegihugu bakozweko n'ikiza ca corona virisi bahora bakora ibikorwa vyo kwiteza imbere, mu nyuma bagahomba, imigambi yabo ikaburabuzwa n'ico kiza, Ikigo Ubuntu gifashwe mu mugongo na PNUD n'igihugu ca Suisse, caratanze inyigisho ku badandaza, abanywanyi b'amashirahamwe yo kwiteza imbere bo mu ntara za Cibitoke (Rugombo, Buganda), Bubanza (Gihanga), Bujumbura (Mutimbuzi), Kayanza (Matongo, Kabarore, Kayanza), Ngozi (Busiga, Mwumba, Nyamurenza) kugira gifashe gutekanya imitima y'abakozweko n'ico kiza bongere basubire kurangura imigambi yabo yo kwiteza imbere baremye mu mitima.

Inyigisho Ikigo Ubuntu catanze, abenegihugu bo muri izo ntara. barerekanye ko bari bazishashaye, bakabaza ibibazo aho badatahuye, bagaterera iviyiumviro vyubaka ikibano.

N'aho biri uko, hari abigira sindabibazwa ntibabone ko inyigisho ari kirumara kandi zikaba isoko ry'ubumenyi n'iterambere. Abo nabo barazirwanya bakibagira ko kutamenya bisubiza inyuma amajambere.



IBICE BIGIZE AKA GATABU

Ikigabane ca mbere

Muri iki kigabane tubona ingene iyo ikiza giteye abantu badebukirwa mu bikorwa vyabo kuko batabona neza iyo bava n'iyo baja. Imigambi yabo barabura aho bayirangurira, ivyo na vyo bikabaca intege. Ariko, baronse ababahimiriza bakabaha inyigisho zibaremesha, umwizeru uragaruka bagasubira ku bikorwa vyabo.

Ikigabane ca kabiri

Muri iki gice, turabona inyigisho zitandukanye zahawe abakozweko n'ikiza "corona virisi". Izo nazo, zituma abazikwirikiranye barema bigatuma muri bo havyuka agatima ko gusubira ku kivi.

Ikigabane ca gatatu

Iki kigabane cerekeye uguzozera aka gatabu, cerekana icokorwa ku bahora basanzwe barangura imigambi y'iterambere ariko ikiza "corona" kikabatesha, bagahomba.



I. KOMEZE INYIGISHO ZIBAKABURIRA GUKORA

Muri iyi nkuru, Melaniya ni umukenyezi yari abayeho neza imbere y'ikiza «corona virisi» kuko yacuruza inzoga y'urwarwa agatunga umuryango wiwe. Ariko kubera ico kiza, yarahomvye kandi ntacutsa n'agatima ko gusubira gukora urudandaza rwiwe.


Muri uwo mwiheburo arimwo, Hilida, umwana wiwe, aca akura amaboko mu mpuzu agakora ibikorwa ashoboye bimuzanira amafaranga kugira yunganire umuryango. Ni muri ivyo bikorwa nyene Hilida yiungunganyamwo yahuye n'ivyago agakomereka, mugabo yarivujije arakira yikoze ku mafaranga yakorera.

Melaniya hamwe n'abandi bacuruza bararonkejwe inyigisho zitandukanye. Ubwo bumenyi barabusabikanirije abandi kandi burabagirira akamaro, none Melaniya yagarukanye icizere, ehe yasubiye gukora urudandaza rwiwe.









HILARIO ARAKOMEREKA.





KORODINE ASUHUA HILARIYO























INYUMA Y'UKWEZI MELANIYA ARO NSE INYIGISHO



17







II. INYIGISHO ZITANDUKANYE ZARAHAWE ABAKOZWEKO N'ICO KIZA.



Turi hamwe turungurana ubumenyi

Umuco w'Ubuntu

I cigwa ku muco w'Ubuntu ni icigwa gifasha cane abakironswa bakaba ivyitegererezo mu kibano. Kanatsinda, ahari Ubuntu, harangwa amahoro n'iterambere, inagurwa ry' imico n'imigenzo biba vyatitutse. Mu bihe vy'ibiza, abantu benshi barashikirwa n'ivyago bitandukanye, hari abahitanwa navyo hari n'abandi bahaburira ababo n'ivyabo. Ivyo bisiga umwiheburo n'izindi nkurikizi zibabaje. Muri ico gihe, haba hageze kwerekana bwa buntu kugira hasubire kuboneka umwizeru n'akamwemwe ku bari bihebuye. Za ngeso nziza z'Ubuntu zikibonekeza mu gufasha no mugushigikira abashikiwe n'ivyago n'imiryango yabo. No ku badandaza bahuye n'ico kiza, bogirigwa ubuntu kugira basubire kurema.

Ukumviriza abahahamutse



Kahise kababaje k'umuntu kamutuma agira ibikomere ku mutima, agata umutwe mbere mu kibano agakumirwa canke akikumira we nyene. Rimwe na rimwe, afatwa nk'umusazi. No mu gihe ikiza corona giteye abantu benshi barihebuye kuko babona inkurikizi zaco ku buzima bwabo n'ivyabo. Muri ico gihe, ukumviriza abagize ivyago bituma baserura akababakiye, bakaruhuka, bakarema, bagasubira mu bikorwa vya misi yose nk'abandi.

Imvugo iremesha

Imvugo iremesha ifasha kiremwamuntu kubana neza n'abo badasangiye iviyumviro, bakayaga bakoresheje amajambo ahumuriza. Mu gihe c'ikiza «corona virisi», iyo mvugo irafasha kuko abantu baba bahuye n'ibibababaza baba bakeneye umuntu abavugisha bakumva baremye.



Ugutatura amatati bidaciye mu nguvu



Ba sokuru ngo : «Ahari abantu hama uruntu runtu». Ugutatura amatati biratuma abatase basubira kugiriranira imigenderanire myiza, bakizigirana. Mu gihe ca «corona virisi», amatati ntabura, abantu bapfa ibi canke biriya. Kugira iyo nyifato ihagarare, bisaba ko haba ababumviriza bakabafasha gutora umuti w'ibibazo bafitaniye.

Ubushobozi bwo kwibeshaho

Ico cigwa gifasha umuntu kwimenza uwo ari : inguvu n'integre nke vyiwe, maze akamenya ukuntu yifata mu migenderanire n'abandi no mu kwiteza imbere. Mu gihe ca « corona virisi », habaye inkwirikizi mbi ku muntu, aramenya kwifata mu bigumbagumba vyiwe, akiremesha mbere no mu gihe yahaburiye abiwe n'ivyiwe akifata hanyuma agasubira ku kivi.



Icigwa twokura muri izi nyigisho:

Abantu iyo bari mu bihe bigoye vy'uruhombo mu bikorwa vy'iterambere baba bariko barakora, inyigisho zubaka umitima yabo zirakenewe kugira basubire kugira umwizerzo. Mu gihe izo nyigisho bazifashe nkana, baratera imbere mu buzima bwabo, bagahindura iviyumviro n'inyifato. Vyongeye, bararonka intege zo gusubira ku mirimo yabo.



III. UGUSOZERA

Ivyokorwa kugira abantu bakora ibikorwa vy'iterambere baraburabujwe na corona virisi bagahagarika n'ivyo biyungunganyamwo basubire ku kivi:

Abadandaza n'abanywanyi b'amashirahamwe

- Kwijukira inyigisho zibongerereza ubumenyi mu vyo bakora.

Amashirahamwe

- Yoha inyigisho abakozweko n'ico kiza mu ntumbero yo kubaremeha.
- Yotanga inyigisho zijanye no kwiyungunganya mu bikorwa vy'iterambere.

Leta

- Guhimiriza abahoze bakora ibikorwa vv'iterambere basubire ku kivi.
- Yoshinga ikigega c'integabizoza gifasha ababa bakozweko n'ibiza bitandukanye.
- Kubafata mu mugongo mu kubaha ingurane kugira bashobore kunagura imigambi yabo.



IKIGO UBUNTU

Uwurongoye Ikigo Ubuntu

Furera NTAKARUTIMANA Emmanuel O.P.

Icegera c'Uwurongoye Ikigo Ubuntu

Furera BIGIRIMANA Jean Népomucène O.P.

Umunyamabanga

KWIZERA Belyse

Abanyabigega

NINDAMUTSA Edith

BIZIMANA Joyce Sandra

Igisata co kumenyesha amakuru

NIMENYA Nicolas

NTAHONSHIKIYE Placide

Igisata c'ubushakashatsi, kwandika ibitabu no

guhindura indimi

NTWARI Richard

BIGIRIMANA Madeleine

Igisata co kumviriza no gufasha abatuntujwe n'intambara, kugira ubushakashatsi mu vy'imibano n'inyifato

NIMBONA Josiane

HABARUGIRA Patrice

Studio Ubuntu

NKUNZIMANA Hervé

Umurongo ngurukanabumenyi (Site web)

NZEYIMANA Janvier

B.P. 2960 Bujumbura
agateka 2012@yahoo.fr
centreubuntu@yahoo.fr
<http://www.centre-ubuntu.bi>